



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 4 fevriye 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 28.000 INITE TOUNEN NAN LIS STABILIZASYON LOKASYON AN**

***Gwo Avanse nan Pwoteksyon Lojman Reglemante ak Retou Plizyè Milye Inite nan Lis Stabilizasyon Lokasyon ak \$200.000 pou Lokatè ki Peye Lwaye Twò Chè***

***Mezi pi Sevè Konbine ak Lwa Pi Solid ak Konstriksyon Nouvo Inite Lokasyon Reglemante***

Alokasyon dezyèm anivèsè kreyasyon nouvo Inite Pwoteksyon Lokatè (Tenant Protection Unit, TPU) a, Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse grasa travay TPU sitou, lokatè ap wè premye espansyon lojman lokasyon bon mache ki reglemante depi plizyè dizèn lane epi plis pase 28.000 nouvo apatman nan 2.000 bilding vin ajoute nan lis stabilizasyon lokasyon an, pou kontinye ak efò New York yo pou l fè kominote li yo gen plis sekirite ak jistis.

“Gen de lane pase, nou te kreye Inite Pwoteksyon Lokatè a pou pwoteje dwa ak sekirite plis pase yon milyon lokatè nan Eta New York,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Depi lè sa, TPU ap goumen epi te genyen batay plizyè fwa pou lokatè tankou ogmantasyon kantite inite lojman bon mache pou premye fwa depi plizyè lane epi fè move mèt kay peye pou zak. Pandan n ap kontinye konstwi kominote ki gen plis sekirite ak plis jistis, TPU pral rete yon resous solid epi pral defann lokatè New York.”

Nan mwa fevriye 2012, TPU te kreye pou aplike nan yon manyè aktif lwa sou lwaye Eta a Gouvènè a ak Lejislati a te ranfòse nan lane 2011. Nan premye aksyon li yo, TPU te reyalize yon verifikasyon sou chans konsa sou pwopriyetè bilding ki pa anrejistre pwopriyete yo sou kat dènnye lane ki sot pase jan lalwa prevwa sa. TPU te verifiye fè odit pwopriyetè yo epi te mande yo prè travay amelyorasyon ki te fè monte lwaye, epi yo te itilize nan tan pase pou retire inite soti anba reglemantasyon. Se premye fwa TPU te voye asiyasyon al jwenn pwopriyetè ki pa pote prè travay amelyorasyon apatman yo te mande yo a. Kòm rezilta aksyon sa yo, plis pase 28.000 nouvo apatman nan 2.000 bilding te ajoute nan lis stabilizasyon lokasyon an.

Pwopriyetè siyen tou pou premye fwa yon akò regleman ak TPU a pou lokatè kap peye lwaye ki twò chè san yo pa menm konnen sa: jiska jounen jodi a, plis pase \$220.000 deja tounen bay lokatè sa yo.

Haitian Creole

Yo te mande pou pou premye fwa pou pwopriyetè revize kontra lokatè yo epi re anrejistre apatman lokatè ak HCR dapre lwaye aktyèl yo. Pandan ete 2013 la, TPU a te ouvri ankèt bò kote mèt kay nan Manhattan, Bronx ak Brooklyn yo di ki te arase lokatè nan yon manyè entolerab epi mande twò chè pou lwaye yo. Nan mwa janvyè 2014 la, Gouvènè a te anonse yon regleman istorik kont youn nan mèt kay sa yo, Castellan/Liberty Place, yon pwopriyetè kay yo te di kit e arase ak fè diskriminasyon kont lokatè ki pale panyòl. [Tanpri klike la a pou jwenn plis enfòmasyon:](#)

“Nou konnen pi fò mèt kay se biznismenn ki respekte lalwa ki vle travay ak lokatè yo, epi TPU a efektif ak efikas nan derasinen yon ponyen pòm pouri,” te deklare Delege ak Direktè Jeneral Darryl C. Town New York State Homes and Community Renewal (HCR), ki gen ladann TPU a. “Atravè lidèchip Gouvènè a, gouvènman eta jwe yon wòl aktif nan pwoteksyon moun ki pi vilnerab pami nou yo.”

HCR te pibliye tou reglemantasyon konplè ki pral gouvènen nouvo lwa sou lwaye. Chanjman enpòtan sa yo gen ladann: esplikasyon sou jan amelyorasyon apatman yo kalkile epi verifeye; ogmantasyon nivo lwaye dereglemantasyon; ogmantasyon nivo revni; epi limitasyon bonis pou kay ki vid pou sèlman youn chak ane, pou ka diminye stil manipilasyon kontra mèt kay kon fè ki te retire sèten inite nan sistèm lan.

Kòm yon rezilta aksyon TPU yo ak sitiyasyon kote kèk inite kite sistèm lan depi nivo dereglemantasyon an te ogmante nan lane 2011, konbine ak konstriksyon 6.000 inite lokasyon ki reglemante, ak bourad lajan HCR, vle di pou premye fwa depi plizyè dizèn lane, kantite inite lokasyon reglemante nan Eta New York ap ogmante kounye a.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418